**Вукlа-вахъин бакlалъул справка батlияб улкаялъул гlадамазе, Нефтюганск шагьаралде рачlинехъин ругезе.**

ОМВД Россиялъул Нефтеюганск шагьар
(батlияб улкаялъул гlадамалгун хlалтlаби
батlияб улкаялдасан тlаде-гъоркъе рачlунел гlадамазе суалазде жаваб)
бихьизе гьабун буго пачалихъалъул хъулухъ:

- гlадамал къабукъине гьарула гражданлъиялъул суалазде жаваб Российский Федерациялъул.
- тlаде босула гlарза тlаде-гъоркъе рачlунел гlадамазул документал щвезе
- къабукъине гьарула гlарза-гlадамазул суал гьаб улкаялда рукlа-рахъине бегьуларел гlадамазе пачалихъалихъ гъоркъ чlезе.
- къабукъине гьарула батlияб улкаялдасан гlадамазеги, гьаб улкаялде рукlа-рахъине бегьуларел гlадамазеги суал изну кьеялъул думалъго гьечlого рукlа-рахъине Российский Федерациялда, рукlа-рахъине бихьизе гьабулеб бакl Российский Федерациялда, пачалихъ гъоркъ лъезе батlияб улкаялдасан гlадамал рукlа-рахъунеб бакlалдасан.

Кьурал суалазде жаваб щвезеялъе гlоло ккола хитlаб гьабизе ниж рукlа-рахъунел бакlалда:

Нефтеюганск шагьар, къватl Киевская, рукъ 8, бихьизабураб заманалда:
кабинет N102 - документал щвезе. Хlалтlул заман: итни, талат, хамиз, рузман - байбихьун 09:00 - 12:00
кабинет N103 - пачалихъ гъоркъ лъола батlияб улкаялдасан гlадамал рукlа-рахъунеб бакlалдасан. Хlалтул заман: итни, талат,хамиз, рузман - байбихьун 09:00 - 11:00 цинги 14:00 - 16:00 заманалда, хадубги 2-4 щамат къо моцlи - байбихьун 09:00 - 13:00 заманалда;
кабинет N104 - изну щвезе, думалъго гьечlеб вукlа-вахъин бакl, хадубги вукlа-вахъине бихьизабураб бакl. Хlалтlул заман: итни, талат, хамиз, рузман - байбихьун 09:00 - 12:30,
-мугьру лъола изну къезе думалъго гьечlеб вукlа-вахъин бакlалъе,
пачалихъ гъоркъ лъола вукlа-вахъин бакlалда рекъон (изну щун хадуб думалъго гьечlеб вукlа-вахъин бакl цингиги вукlа-вахъине бихьизабураб бакl). Хlалтlул заман: талат, хамиз - байбихьун 14:00 - 15:00 заманалда.

Пачалихъалъул хъулухъ къезе цебеккунго
хъвай-хъвагlазе ккола телефоналдасанги кlалъан:

кабинет N102 - тел.: 8 (3463) 295675, арбагl къо, байбихьун 09:00 - 10:00 заманалда;
кабинет N103 - тел.: 8 (3463) 223787, халтlул сагlтал;
кабинет N104 - тел.: 8 (3463) 295674, халтlул сагlтал.

Пачалихъалъул хъулухъ цебеккун пачалихъалда гъоркъ ккезе батlияб улкаялъул гlадамазе вукlа-вахъин бакlалда рекъон гьединго битlизе бегьула почтаялдасан Нефтеюганск шагьаралъул, гьединго МФЦялда Нефтеюганск шагьаралъул.

ОТДЕЛ ПО ПРОФИЛАКТИКЕ ПРАВОНАРУШЕНИЙ И СВЯЗЯМ С ПРАВООХРАНИТЕЛЬНЫМИ ОРГАНАМИ АДМИНИСТРАЦИИ ГОРОДА

**Халкъалъул масхlумачуялъул мурадал тlубалел гlадамал Нефтеюганск шагьаралдаги, Нефтеюганскалъул районалдаги.**

Хlукуматалъул гlадлу-бизаналда рекъон, кагътал 28.12.2013 N442-ФЗ <<Гlадамазе гьабулеб хъулухъалъул аслу Российский Федерациялда>> ихтияр хъулухъалъе буго гlадамазе Российский Федерациялъул, батlияб улкаялъул гlадамазе, гьединго рукlа-рахъине бегъуларел гlадамазе, гьоркьоса къотlичlого рукlа-рахъунел батlияб улкаялдасан тlурун рачlарал гlадамазеги.

Хlукуматалъул кумек щолеб чиясе, щибаб чиясул къваригlел рикlklун, хlукуматалъ бихьизе гьабун буго:

- рукlа-рахъиналъул кумек;
- сахлъи букlине гьабулеб кумек, гlарза чиясе гьабула хъулухъ, кумек гьабула сахлъиялъул тадбир бачизе, гьоркьоса къотlичlого гьабула бербалагьи чиясда хадуб, квеш яги лъикlищ букlунеб чиясе мех-мехалда;
- рагъаркариялъул кумек, гьабула кумек рагъаркариялъул масхlумачу битlизабизе гlадамазда гьоркьо вугев мехалъ, гьединго гьабула кумек рагъаркариялъе щивго чиясда лъачlого, гьелъие кlалъазе ккола божел бугеб телефоналда;
- малъулев чиясул кумек, гьабула кумек чиясул масхlумачу гьумер-цlаралъул бугони, гlуцlарухъанлъи чиясул рохелалда (гьединго регlел бугеб заманалъги), регlел бугеб заман баккинаби, гьединго кумек хъизан-лъимазе гьабулеб тарбиялъе;
- хlалтlиялъул кумек, гьабула кумек хlалтlуда лъугьине, гьединго кумек хlукму бахъизе батlиял масхlумачуялъул, хlалтlуда ругьунлъиялъе;
- чиясул ихтиялалъе кумек, кумек гьабула гlадлу-бизаналъул хъулухъалъул ихтияр щвезе къварегlин бугев чиясе, гьединго щибго мухьги кьечlого, хlукуматалъул кумек щолев чиясул ихтиялалъе хъулухъ.
- кумек чиясе халкъалде гьоркъо вукlа-вахъизе, ва дозда задахъ бокьараб хlалтlи гьабизе, кlвар гьечlев чиясе - инвалидасе;
- хехго къварегlел бугеб кумек.

Хlукуматалъул кумек къварегlел бугев чияс хитlаб гьабизе ккола - БУ <<Нефтеюганск шагьаралъул гlадамазе хъулухъ гьабулеб бакl>> нижер рукlа-рахъин бугеб бакlалда рекъон: Нефтеюганск шагьар, 8 а гьитlинрайон, 14 рукъ ( итни къоялдасан - рузман къо щвезегlан, 09:00 - 13:00, 14:00 - 17:00).

Телефон: 8 (3463) 223824, 8 (3463) 274713.

ОТДЕЛ ПО ПРОФИЛАКТИКЕ ПРАВОНАРУШЕНИЙ И СВЯЗЯМ С ПРАВООХРАНИТЕЛЬНЫМИ ОРГАНАМИ АДМИНИСТРАЦИИ ГОРОДА

# КУ ХМАО - ЮГРЫ <<НЕФТЕЮГАНСК ШАГЬАРЛЪУЛ ХАЛКЪ МАШГЪУЛЛЪИЗЕ ГЪАБУЛЕБ БАКI>>

XIукуматалъул кумек щвезе, гIарза къолел гIадамал руго Российский Федерациялъул гIадамал, батIияб улкаялдасан гIадамал, улкаялда рукIа-рахъине бегьуларел гIадамал, xIалтIи къолел гIадамал, яги гьезда тIад ихтияр бугел бетIергъаби.

Нефтеюганск шагьаралъул халкъ машгъуллъизе гъабулеб бакIалда батIияб
улкаялдасан гIадамазе щола гьадинаб xIукуматалъул кумек:

- кумек гьабула чиясе данде кколеб xIалтIи балагьизе, яги данде кколел xIалтIухъаби рищизе.
- лъазе къола щиб xIал бугеб xIалтIул базаралда Нефтеюганск шагьаралъул лъай къолеб xIалалъул.
- кумек чиясе бищизе пиша.
- xIалтIуда лъугьизе ва кIудияб лъай щвезе.
- рагъула xIалтIул бакIал ва xIалтIизе малъулел бакIал.

Xlукуматалъул кумек щвезе къварегIел бугев чиясе
къварегIуна гьадинал документал:

- гIарза, паспорт Российский Федерациялъул (документ гьелъие бадал), яги документ, батIияб улкаялдасан чи вугев бихьизабулеб ва улкаялда рукIа-рахъине бегьуларел гIадамазул.

XIукуматалъул кумек щола гIарза къурав чиясе хитIабалдеги рекъон кинан чияс гIарз къун букIараб.

XIукуматалъул кумек щвезе къварегIел бугев чияс, Нефтеюганск шагьаралъул
халкъ машгъуллъизе гьабулеб бакIалдасан хитIаб гьабизе ккола:

ХМАО - Югра, Нефтеюганск шагьар, 12 гьитIинрайон, 18 рукъ, 34 жаниб бакI.

Телефон: 8 (3463) 256550,

Факс: 8 (3463) 256535.

ОТДЕЛ ПО ПРОФИЛАКТИКЕ ПРАВОНАРУШЕНИЙ И СВЯЗЯМ С ПРАВООХРАНИТЕЛЬНЫМИ ОРГАНАМИ АДМИНИСТРАЦИИ ГОРОДА

**Батlияб улкаялъул гlадамазе хъулухъ, кверчlвай гьабула идаралъ Культуралъулги туризмалъулги комитет Нефтеюганск шагьаралъул администрациялъ**

Гьабулеб хъулухъ МБУК <<Шьагьаралъул тlахьазул рукъ>>:

- батlияб улкаялдасан гlадамазе щола изну дуньялалъулго интернеталда жаниб лъугьизе, ва гьединго щола хlукуматалъул жаниб бахчараб интернеталда кверщел;
- малъе-хъвала балагьизе хабар хlукуматалдаса щолеб хъулухъалъе;
- гьабула справка щив чиясул ракъ хиси-басиялъул;
- биччала хабаралъул кагъат цо улкаялдасан батlияб улкаялда унел гlадамазе.

Официалияб сайталда МБУК <<Шьагьаралъул тlахьазул рукъ>> (http://yuganlib.ru/") разделалда <<Халкъалъул кверщел щолеб бакl>> ЦО Домалъ эркенго бихьизе гьабун буго халкъалъе бугеб кумек, гьединго бихьизабун буго халкъале пайда, хайир батулеб ссылка, батlа гьабун бихьизабун буго мугьажиразе хабар (http HYPERLINK "http://yuganlib.ru/tsod/informatsiya-dlya-migrantov").

Гьединаб кумек къваригlун бугев чияс бертlамизе бегьула Шьагьаралъул бетlераб тlахьазул рокъобе: Нефтеюганск шагьар, гьитlинрайон 2А, бараб бакl 8 (Халкъалъул кверщел щолеб бакl), телефон: 8 (3463) 231981. Хlалтlул заман: талат къоялдасан гьатlан къоялда щвезегlан - 08:30 - 17:30.

хlалтlулареб къо - итни.

МБУК <<Бакьулъ бакl национальный культуралъул>>

Гьабула кумек дандчlвай гьабизе мугьажирабазе национальный халкъияб организациялъул бетlергьабигун Нефтеюганск шагьаралда.

Гьеб хъулухъ щвезе къварегlарав чиясе хитlаб гьабизе ккола национальный халкъияб организациялда МБУК <<Бакьулъ бакl национальный культуралъул>>, гьезул рукъел: Нефтеюганск шагьар, 11 гьитlинрайон, мина 62.

Телефон: 8 (3463) 22 28 58.

Хlалтlул заман: итни къоялдасан рузман къо щвезегlан 08:30 - 17:30.

Щаматги, гьатlанги - хlалтlуларел къоял.

**Хъулухъ мугьажирабазе гьабула физикаяб культуралъулги спорталъулги идаралъ администрациялъ Нефтеюганск шагьаралъул**

МАУ <<СШОР<<Сибиряк>> -гьабула кумек чиясе хIадуризе:

-лъедезе, гIодоргьунарал гIуцIцIизе, баскетболалъде, кIанцIезе батуталда. ТIину-тIала бахъун лъазе хабар бегьула официалияб сайталда идаралъул: http:www.sibiryak-sport.edusite.ru/. Телефон: 8 (3463) 200-638.

МБУ <<СШОР хасалил къеркьей>> - гьабула хъулухъ - олимпиялъул къеркьеялда хIадурлъалаяби гьаризе (биатлон, лыжабазда хъещтIей, хоккей): ТIину-тIала бахъун лъазе хабар бегьула хитIабги гьабун рукIа-рахъун ругел бакIалда: Нефтеюганск шагьар, гьитIинрайон 2, рукъ 10, кIалтIубакI 3.

Телефонал: 8 (3463) 517-960, 8 (3463) 222-823. Официалаяб сайт идаралъул: "https://sportzim86.ru/":

МБУ <<СШОР<<Спартак>> гьабула хъулухъ къеркьеялда хIадурлъалаяби гьаризе:-бокс, мини-футбол, эркенаб къеркьей, волейбол, столалда теннис, спорталъул аэробика, жубараб къеркьей ММА, бигьаябги захIматабги атлетика. ТIину-тIала бахъун лъазе хабар бегьула хитIабги гьабун рукIа-рахъун ругел бакIалда: Нефтеюганск шагьар, гьитIинрайон 14, стр. 1 (Спорталъул комплекс <<Олимп>>).

Тел. 8(3463) 202-171. Телефон спорт отделалъул - 8(3463)249-398.

Официалаяб сайт идаралъул: "https://spartak.hmansy.sportsng.ru/"

МБУ ЦФКиС <<Жемчужина Югры>> ( гIарцухъа гьабула хъулухъ халкъалъе): -лъедезе, сахлъиялъе лъедола лъимал, аквапарк, фитнес, солярий, сахлъиялъе хIамам. ТIину-тIала бахъун лъазе хабар бегьула:

- телефоналдасан: 8 (3463) 313-515,
- Официалаяб сайт идаралъул: http://sk-yugra.ru/"://

МБУ <<СШОР гугарухъаби>>

гьабула хъулухъ гьадинал къеркьеялда хIадурлъалаяби гьаризе - дзюдо, каратэ,

гьединго буго черхалда хIалтIаби гьабулеб рукъ, воркаут.

ТIину-тIала бахъун лъазе хабар бегьула идаралъул сайталда:

"http://judougansk.ru/"ru, яги ниж рукIа-рахъараб бакIалда:

Нефтеюганск шагьар, Усть-Балыкская къват, стр. 15, тел. 83463-230-149.

МБУ ФКиС <<Юганск-Мастер цIаралъул Жилина С.А.>> -

гьабула хъулухъ олимпиада гуреб къеркьеялъе - мотоцилабазул къеркьей.

ТIину-тIала бахъараб хабар буго идаралъул сайталда: www.uganskmaster.ru,

яги ниж рукIа-рахъараб бакIалда: Нефтеюганск шагьар, Ленина къватI, стр. 18 жаниб бакI 2. Телефон 8 (3463) 285-046.

Текст данного документа с русского языка
на аварский язык перевел переводчик
**Давронова Дарья исмаиловна**

ОТДЕЛ ПО ПРОФИЛАКТИКЕ ПРАВОНАРУШЕНИЙ И СВЯЗЯМ С ПРАВООХРАНИТЕЛЬНЫМИ ОРГАНАМИ АДМИНИСТРАЦИИ ГОРОДА